

PA LAFWA, MOYIZ



Mèsi, Frè Nevil. Bonjou, tout moun. Li bon pou nou la jodi a nan tabènak la. E mwen te panse petèt si m te fè Frè Neville pale maten an, m t ap eseye aswè a. Epi mwen t ap tounen gade lè sa pou yon leson lekòl di dimanch pou maten an. E ala yon . . . Si Seyè a vle, nou pral eseye pou—pou nou gen leson lekòl di dimanch sa.

² Kounye a, sa fè de semèn kounye a, apeprè, depi m te antre. E mwen te sou estrès anpil jan nou te konprann, ke, nan chan an, mwen te vin vrèman, vrèman bouke e se nan redi ke m te ka ale pi lwen. Epi mwen te oblije antre pou jis yon ti repo. E mwen te pran apeprè twa jou pou m ale nan Wolf Creek Dam, anba a nan Kentucky, kote m te fèt. Mwen te panse: “O, mwen jis santi mwen mèveye kounye a. Mwen byen.”

³ E mwen retounen lakay mwen, e premye ti bagay ki te frape nan figi m se te kèk kalite zafè gouvènman an avèk yon taks sou revni. Mwen retounen desann ba nèt ankò. Kifè mwen reyalize sa pral pran m plis ke jis youn oswa de semèn pou m repoze m.

⁴ E ministè m pare pou l fè chanjman an kounye a. E mwen pa gen okenn reyinyon ki pwograme. E se pou rezon sa mwen jis on ti jan rale kò m, e mwen te panse, e kounye a pou semèn k ap vini yo, mwen t ap jis pran yon repo, yon repo konplè, e tann Seyè a.

⁵ E anpil nan nou moun yo isi a, sa ki la lontan yo, sa ki te la avèk nou tèlman lontan, sonje ke sa Seyè a te di nou, Li te toujou reyalize sa Li te di Li t ap fè.

⁶ Sonje, lè nan kòmansman an menm, nan legliz isi a, nan maten nou te depoze wòch tabènak la, kijan ke Li . . . Li te ekri, epi grave sou wòch la, sou paj blanch pou ekri nan Bib mwen an. Maten sa, gran vizyon sa, te di: “Sa se pa tabènak ou.”

⁷ Mwen di: “Ki kote l ye, Seyè?” Li mete m deyò anba syèl la. E yon Vwa te vini. Epi m te gade e m te wè twa kwa sa yo, tankou, pye bwa yo ak fwi yo, e latriye. Nou konn ki sa vizyon an ye. Li te ekri, depi plizyè lane.

⁸ Mwen te pran, lòt jou a, yon ansyen liv anlè a la, mwen t ap li kèk nan bagay ke Seyè a te di, te di davans; ki te deja rive. Sou zafè jèn moun sa a, epi sou ki jan gè a t ap gen pou l vini, e tout bagay sa yo te tonbe pil.

⁹ Jis de bagay ki rete, nan youn nan gran pwofesi sa yo. Sa se, ke machin yo pral nan lari a ak telekòmand yo, sanble ak ze, sèlman nou pa p kondwi l. Li kontwole tèt li. Epi pral gen yon gran fanm k ap monte, paske Etazini se yon nasyon fanm. E li pral . . . Yon gran fanm pral monte, epi vin Prezidan oswa

kèk bagay konsa, nan nasyon an. Epi pral gen yon aneyantisman total. Tout nasyon an pral detwi plat atè.

¹⁰ Epi, sa, mwen predi . . . Bon se pa Seyè a ki di sa. (Lòt la, osijè fanm lan, se, se Seyè a.) Men mwen te predi, an 1933, ke monn lan ta pral kontre ak yon aneyantisman total anvan 77.

¹¹ Kidonk, mwen pa t konnen lè sa ke yo te gen yon bagay ki te ka aneyanti l tankou yo genyen kounye a, men m te wè nasyon an nan yon aneyantisman total, jis chouk pye bwa ak bagay konsa, te rete.

¹² Kidonk, li sou wout li. E si tout lòt bagay sa yo rive jis jan L te di a, se sa l pral ye tou, se jis jan L te di nan Lekriti isi a la, sa Li di, si Kris te vini premye fwa a, Li pral vini dezyèm fwa a. E tout bagay ke L te di pral rive. E nou wè sa kòm sadwa, e nou konnen ke nou se . . . yo jis preske rele nimewo nou an, kòm nasyon, nou konnen ke Legliz la preske pran Anlèvman Li. Li fè kè yo minis fremi, oswa nenpòt layik, pou konnen ke nou nan jou ak tan ke n ap viv la. Se pi gran moman ke nenpòt moun janm viv sou latè a, se kounye a; se sa l ye, pou Legliz la. Kidonk, mwen sètènman gen dezi pou lapriyè nou.

¹³ Epi m te wè nan tabènak la, e m te wè ke yo te gen . . . ta pral gen kèk eleksyon ankò ak tout bagay, nan legliz la, pou kèk moun sou komite a e latriye.

¹⁴ E—e legliz la te bezwen yon ti reyinyon, yon ti brase lide. E nou te toujou janti avè m, epi beni mwen. E poutèt mwen la, sanble li te yon benediksyon pou nou. E mwen sètèn, poutèt mwen la avèk nou, se te yon benediksyon pou mwen. E nou te toujou aksepte sa m te di pou Verite, jan m te wè l atravè Bondye. E mwen—mwen apresye sa.

¹⁵ Kidonk alò, m te konmanse ladann, epi m te dwe chache konnen, epi mete legliz nou an an òd, ak konsèy li yo, epi fè eleksyon yo e latriye. Epi alò—alò, m te panse, apre sa, m te soti epi m te pran yon ti repo anvan m tounen nan chan an ankò.

¹⁶ Kenbe l nan mitan nou. Kounye a, li pa pou moun deyò. Li pou tabènak sa. Nou vle yon reyinyon ak tabènak sa, konsa tout bagay, ak tout erè, tout bagay ki t ap trennen yo, e petèt ti santiman nou gen youn kont lòt; sila yo, m pral pran yo tout epi mete yo drèt fas a fas. Kifè si n pa vle fè fas a li, pito n kite peyi a; paske n ap vin fas pou fas ak chak grenn nan li, jan n te abitye fè l la nan tabènak la. Epi tout bagay pral soti dous, paske nou se frè ak sè ki te brize kominyon an, Kò Kris la, atravè tab benediksyon yo. Epi se pa anyen lòt ke dyab la ki t ap fè nenpòt sa k pa bon, epi ta lakòz santiman yo, oswa chire pit, oswa nenpòt bagay konsa. E m ap pran Frè Neville nou an, epi n ap sot yon kote pou n al nan yon lòt, epi mennen moun ak moun, ansanm, jouk ansyen tabènak la tounen, tabli ankò, sou pye l, pou mache men nan lamèn pou Wayòm Bondye a. Kounye a, sa se, rezon ki fè m te di sa, se paske se avèk pwòp ti gwoup nou an nou la maten an.

17 E kounye a m pral pran yon ti repo, epi retounen jis osi rapid ke m kapab. Apre sa m espere kite pou chan an ankò. E fwa sa, si Seyè a vle, m vle pran ti kras sa nou te sanble kòm fon, e latriye, pa mwenmenm, deyò nan . . . pwogram misyon a letranje sa. E jwenn yon nouvo tant pou mwen, ak kèk nouvo ekipman, epi konmanse nan chan an. Pa sot nan yon legliz al nan yon lòt legliz, men al nan pwòp reyinyon nou yo.

18 Kounye a, respè figi frè yo ki te envite m, sa ki mèveye. Men nan plis ka, ou dekouvri nan konvansyon sa yo, yo di ou pral la, epi apre tout zanmi w vini, epi apre gen anpil gwo tanbou k ap bat pou lajan. Sa jis fatigue moun sa yo. Mwen jis komanse dekouvri sa, ou wè. Kidonk sa—sa pa bon. Nou vle gen yon kote nou ka mennen yo. Nou pa bezwen pote lajan nou. Annik vini, pou tèt pa nou, epi—epi sèvi Seyè a. Ou wè? E kidonk kounye a . . .

19 E ministè m pran yon chanjman kounye a menm. Nou sonje lè m te konn abitye kenbe men moun lan, epi m rete kanpe la, epi Seyè a te konn di m ki pwoblèm yo. Li te di: “Alò li gen pou l rive yon tan, ke ou va konnen sekre kè moun yo.” Nou tout konnen sa te pase jis pafètman jan L te di a. Kounye a sa se pwochen etap la, ki te pwofetize e predi davans, ki pral pi lwen pase nenpòt bagay nan Sa, ou wè. E se kounye a chanjman an.

20 E se pou rezon sa Satan ap goumen avè m ak enpo a, l ap eseye di m, gouvènman an, ke m dwe enpo sou chak santim mwen te pran, kòm minis, depi vennsetan pase, lè m te antre nan ministè a. Se pa konsa l ye, paske l te pase atravè legliz la isi a.

21 Mwen se administratè legliz sa. Se egzaktman sa. Li nan dosye yo isi a. Kidonk, alò, si m se administratè trezorye legliz sa, alò pa gen anyen nan monn lan . . . Gouvènman an pa gen anyen pou wè avè l. Yo pa p poze legliz la kesyon. Y ap poze m kesyon poutèt m se trezorye legliz la. E administratè yo te siyen yon papye ki nan bank la lòt bò a, ke tout fon m yo . . . Olye m gen pwòp fondasyon pa m, mwen pase l atravè legliz mwen an isi a, paske li se yon fondasyon otomatikman, tout jan.

22 E lè m fè sa, li anpeche m kouri soti kite legliz la, epi al deyò epi pou m pa anyen la. Apre m fin pwomèt moun yo ke m ap tounen legliz la, tanzantan, epi ede yo. Se pou rezon sa m kenbe l kon sa, paske m te fè nou menm, moun yo, yon pwomès. Se pou sa m rete avè l fason sa, olye pou genyen l antan ke yon endividi. Alò, si w fè sa, li voye l nan yon òganizasyon. E m kanpe fè m kont òganizasyon. Kidonk mwen—mwen pral kenbe l jis fason l ye a, nan men Bondye, konsa nou ka avanse pou Wayòm Bondye a.

23 Kounye a, maten an, nou vle etidye Pawòl ansyen beni sa, e kwè.

24 Kounye a, mwen vle di, tou . . . Mwen wè Frè Egan ak anpil, kèk nan administratè yo chita isi a, apre nou te fin gen reyinyon administratè nou an, yè swa; se vre, mwen anonse

piblikman devan legliz la, ke chak grenn nan nou tout pa yon—yon administratè yo nonmen ankò. Nou se administratè yo eli, e non nou nan liv yo. Se sa.

²⁵ E kounye a yo pral gen kèk eleksyon an plis pou—pou dyak, e latriye. E Frè Neville se, pral rele sila yo imedyatman apre sèvis sa, se sa, epi pou trezorye a ak latriye, kòm n ap mete legliz la kanpe. N ap mete l, tout bagay, an plas, lè sa nou ka gen yon revèy jan l ap vini an.

²⁶ Kounye a, jis avan n tounen nan paj yo isi a la, pou leson lekòl dimanch nou an, pou gwo Pawòl Bondye vivan sa, an nou jis koube tèt nou, yon ti moman, pandan n ap pale ak Otè Liv sa. E kounye a mete tout panse sou kote, tout bagay ki kontrè, k ap anpeche w gen yon benediksyon.

An n lapriyè.

²⁷ Bondye ki pi sen e pi dwat, nou vini nan Prezans solanèl e beni Ou kounye a, n ap ofri W lavi nou, e nanm nou—nou, epi kò nou, epi sèvis nou, epi talan nou. E tout sa n genyen, nou prezante yo ba Ou. E pandan W ap gade nou, Seyè, si gen kèk peche toutouni e ki pa konfese, nou ta mande W, O Seyè Bondye, ke W ta aplike San Pitit Gason W, Jezi, sou yon kote konsa. Paske, nou reyalize nan nou menm ke nou pa sifi tèt nou, e la li enposib pou nou janm soutni tèt nou. Men nou lage tèt nou o konplè sou San presye L la, ak gras Li pou aplike sou kont nou, pou ke nou menm pechè ki pa diy va vini ak asirans yon jou nan Prezans Ou, pote devan nou San Seyè Jezi sa. Ke, Ou menm, nan tan pase yo, te rekonèt li tankou San sèl Pitit Gason Ou te anjandre a, e te fè pwomès la, ke, “Atravè Li, si nou konfese peche nou, nou va jistifye pa gras Li.”

²⁸ E kounye a nou ta mande, Seyè, pou W ta padonnen nou de nenpòt erè, nenpòt peche vyolasyon oswa omisyon, transgresyon, ke si nenpòt move panse ta pèse nanm nou, pa flechèt dife dyab la, ke Ou ta kondwi nou lwen move lènmi pa W sa, e pa pèp Ou a.

²⁹ E nou ta mande ke W voye Sentespri a pou pran Pawòl la nan moman sa, alò ke n ap abandone tèt nou tankou enstriman, pou ke W ta pale atravè nou, epi tande atravè nou, Pawòl Ou. E ke nou resevwa Li an retou tankou Li soti de Ou menm, e kite plas sa, jodi a, pou n santi tankou nou te ajiste ankò a kòz Kris la; pou ke nou va pi byen adapte pou sèvis aswè a ak demen, poutèt vizit Sentespri a.

³⁰ Beni frè nou yo toupato, legliz yo atravè monn lan, k ap kenbe Pawòl Lavi a nan move jou sa. Nou santi pa gen anpil tan ki rete pou travay, paske lanwit la ap vini rapid. Nyaj lagè yo ap flote ankò. Mal la tou pre, e nou lapriyè ke W va kite nou travay jan nou pat janm fè l anvan. Repoze kò nou ki bouke, Seyè, epi voye nou tounen nan batay la. Nou mande li nan Non Seyè Jezi, e se poutèt Li nou lapriyè. Amèn.

31 Pandan nou louvri Bib la, maten a, nan chapit 11 Liv Ebre a—a.

32 Mèkredi swa nou t ap pale sou chapit 7 Liv Ebre a, de “Mèlkisedèk, ki te san papa, e san manman, san kòmansman jou, oswa fen lavi.”

33 E mwen te panse, petèt, maten an, li ta bon pou louvri Liv mèveye sa ankò, kote ke nou gen tout baz sa nou swete di, nan lekti ansyen yo. E sote chapit 10 la, ak chapit 9 la, ki se lwa sakrifis yo, nou ta rive nan pati “lafwa a.” E la nan Liv Ebre a, chapit 11 lan, e kòmansan ak vèsè 23 a, nou li L konsa:

Pa lafwa Moyiz, apre li te fin fèt, paran li yo te sere l pandan twa mwa, paske yo te wè li te yon bèl pitit; epi yo pat pè kòmmandman wa a.

Pa lafwa Moyiz, lè li vin gran, li te refize yo rele l pitit gason pitit fi Farawon an;

Li te pito chwazi soufri doulè a ansanm ak pèp Bondye a, pase pou li pran plezi nan peche pou yon ti tan;

Li te estime repwòch Kris la pi gran richès pase trezò yo ki nan peyi Lejip la: . . . e li te gen je l fikse sou rekonpans.

Pa lafwa li te kite peyi Lejip, san l pat pè kolè wa a: paske li te andire, tankou si l te wè sila a ki envizib la.

34 Mwen vle pran sijè a, maten an, “chwazi pa lafwa.” E m vle pran pou tèks, twa premye mo nan chapit 23 a, *Pa Lafwa, Moyiz*. E, “chwazi pa lafwa,” preske tou sa nou fè, nou dwe chwazi pa lafwa. E tou sa nou jwenn ke Moyiz te fè, ki merite repete, se te pa lafwa; pa avèk sa je wè a, men pa lafwa.

35 E rezon ki fè mwen chwazi sa maten an, pou legliz la nan eta sa, se te ke nan pa nou. . . menm lekòl nou yo, ak lantouraj, nou tèlman gen ansèyman syantifik. Poutèt sa, nou te rale moun yo lwen lafwa. Kounye a, lafwa pa pwouve pa lasyans. Lafwa se sa lasyans pa wè. E nou. . . Si nou janm pèdi gwo lafwa sa, lè sa nou nan fè nwa totalman, li. . . kèlke swa jan nou byen edike, jan nou ta ka eksplike Pawòl Bondye, pou l mache ak pwòp jan nou kwè a.

36 Pa gen okenn fason pou janm fè Bondye plezi, sèlman pa lafwa. Lekriti a deklare l klè fason sa, e se pa lafwa. “E san lafwa,” Lekriti a di, “li enposib pou fè Bondye plezi.”

37 Kidonk, si lafwa pa dakò ak lasyans, e lasyans pa dakò ak lafwa, sa mete yo nan—nan limit youn lòt, alò fò nou fè yon chwa jan Moyiz te fè. Pa lafwa nou kwè!

38 Kounye a, si nou pèdi lafwa, lè sa nou pap janm gen yon priyè ke Bondye reponn. “Paske sila ki vin jwenn Bondye dwe kwè an premye ke se sa Li ye, e yon moun ki rekonpanse sila yo ki chache

L ak dilijans.” Kidonk, si nou pèdi lafwa, lapriyè nou yo anile; nou pa pral pyès kote.

³⁹ Kifè se a tout sa nou ka panse, maten an, se pou kenbe lafwa. Alò, si nou pèdi lafwa, tout lespwa nou ale. E si nou pèdi lafwa, tout reyalite espirityèl nou ale. Paske, nou pa ka gen lafwa nan bagay ke nou wè, paske bagay ke nou wè yo tout ap peri.

⁴⁰ Si nou gade sou kèk gwo moun, yon gran minis, oswa yon gwo kongregasyon, yo tout pral peri, yon jou. E si nou gade sou yon gwo nasyon, oswa yon gwo zam, yo tout pral peri, yon jou. E alò nou dwe viv pa lafwa, de bagay sa yo ke lasyans pa deklare. Se pa lafwa ke nou kwè.

⁴¹ Kounye a, nou pèdi laglwa nou si nou pèdi lafwa. Kounye a, si nou elwaye nou de lafwa, lè sa nou pran legliz la nan yon domèn entelektyèl.

⁴² E anpil fwa, yo te panse, pami moun yo, ke paske yon kongregasyon te gwo, e yo te gen gwo legliz, gwo klòch, e yon gwo, pakèt moun byen abiye e ki nan swen, e pakèt finans, ke yo te ka pèmèt tèt yo kalite bagay sa yo, nou, anpil fwa, te panse sa te enspiran, ke sèten legliz sa dwe te enspiran. Oswa, souvan nou te refere a diferan pastè ki soti nan chan an epi gen gwo rasanbleman foul moun, epi nou panse, pafwa, ke yo se siy enspirasyon. Men tout sa yo ansanm pa verite. Sa se enspirasyon imen.

⁴³ Men enspirasyon reyèl la vini nan fè volonte Bondye. Ou wè? Ke l se yon grenn, oswa jis yon ponyen. Ke l se yon gwo legliz, oswa yon ti legliz, sa pa gen enpòtans. Ke li se yon gwo oratè, ki konn pale, oswa jis yon nonm ki apèn konn ABC li, sa pa gen enpòtans. Sa depann de mesaj l ap pote a, ke l te enspire pa Pawòl Bondye, oswa, eske li te enspire pa konsepsyon entelektyèl enspirasyon imen a?

⁴⁴ Kèk moun ka enspire poutèt yon oratè ki konn pale. Sa pa fè l vre. Pafwa yo enspire paske moun lan si tèlman antrene ke l ka fè valwa opinyon pa l. Sa pa vle di ke li vin de Bondye. Ou wè?

⁴⁵ Se sèlman atravè Pawòl beni, Etènèl ki pa p janm fini Bondye a, nou ka resevwa enspirasyon, e se Sentespri ki bay sa. Pa lafwa nou resevwa l.

⁴⁶ Kounye a nou ta panse a Moyiz, e gran moman sa nan lavi li. E nou retounen li, sou nesans li, e ki jan ke Bondye te pran swen li, men gen yon lè ki rive nan lavi Moyiz kote te dwe gen yon tan pou fè yon chwa. Si nou li byen, nou dekouvri ke li te pitit gason pitit fi Farawon, e l te eritye twòn lan, e l ta ka vin pwochen farawon nan peyi Lejip. Kidonk li ta remake pandan l t ap gade nan lantouraj la, apre l te vin antre nan laj ak responsabillite, e t ap gen esklav sa yo ap travay nan twou limon yo. Epi Moyiz, pandan l te gade nan fenèt palè a, menm esklav ke Farawon te gade yo, men ala yon diferans ki te genyen nan gade a.

47 Mwen vle baze panse sa, maten an, pou kèk minit, e ke Bondye nan Syèl la kondwi l lakay tout kè la. Se jan w gade nenpòt bagay, ki fè diferans la.

48 Gran evanjelis la, John Sprawl, ki te yon konvèti nan ministè Frè Bosworth, ke anpil nan nou sonje sa fè plizyè lane, de Vye Granj Laglwa a. Li te di, yon jou li t ap fè yon vwayaj, anvan konpayon ak madanm li te renmen a mouri. Yo te nan La Salle, Lorraine, Lafrans. E m te gen privilèj pou m vizite menm kote a. E gid la te mennen yo soti atravè jaden yo, epi montre yo diferan bagay. E yo te rive sou yon sèten estati Seyè Jezi a, krisifiksyon an. Epi Mesye Sprawl te kanpe la, ap gade li, li menm ak madanm li, epi, nan kè yo, t ap kritike sa atis la dwe te gen nan tèt li, oswa eskiltè a, pito, lè l te taye nan wòch la, yon bagay tèlman orib pou repranzen soufrans ak lanmou ak pitye Seyè Jezi a, e jan tout te sanble yon bagay yo te chake sovajman. E gid la pwoche Mesye Sprawl, e li di: “Mesye, m sipoze ke w ap kritike estati Seyè Jezi a.”

E li di: “Se sa m ap fè.”

49 E li di: “M pa sezi menm yon ti kras, paske majorite moun ki gade l, an premye, yo kritike l.”

50 E Mesye Sprawl di: “Pou kisa, m pa ka wè okenn pitye oswa okenn enspirasyon nan gade kalite bagay sa, kidonk m ap chache konprann poukisa eskiltè a fè l konsa.”

51 “E eskiltè a . . .” Li te di: “Mesye Sprawl, estati sa korèk, e eskiltè a te gen bon bagay la nan tèt li. Men kote pwoblèm lan ye, se avèk ou. Se jan w ap gade l la.” Epi l te pran men l ak madanm li, epi li mennen yo anba nan yon lotèl nan pye swadizan kwa sa. E li te di: “Kounye a, Mesye Sprawl, gade anèl kounye a.” E lè l te gade anèl, li te di sanble kè l t ap lage l. Ala l te diferan, pou kanpe la epi gade l fason sa, epi pou desann epi gade l jan ke l te fèt pou gade.

52 E se kon sa ke Bondye ye. Se kon sa ke lafwa ye. Se jan w gade l la. Si w gade l tankou yon Bib ki on ti jan istorik, tankou yon bagay ki te pou jou ki pase yo, ou pa p jan m ka jwenn valè reyèl Bib la. Ou sipoze mete jenou w atè, epi obeyi konmandman Bib sa, epi gade Li atravè je Sentespri a.

53 M ta mande odyans lan, maten an. Ki bon bagay yon Bondye istorik ap fè pou nou jodi a si Li pa menm Bondye a? Ki bon bagay yon Bondye ap fè, ki ta pran Moyiz epi fè mirak avè li ke l te fè yo, ki bon bagay li t ap fè pou nou pou li sou yon kalite Bondye si L pa menm Lan jodi a? Ki bon bagay yon Bondye ye ki te ka delivre timoun Ebre yo de founo dife a, si L pa menm Bondye a jodi a? Ki bon bagay yon Bondye ye ki t ap jije ant sa k bon ak sa ki mal, nan yon jou ki te pase, epi pini sa k pa bon epi beni sa ki bon, si L pa menm Bondye a jodi a? Poukisa nou pral legliz? Poukisa nou renonse a bagay lemonn yo, si L pa menm Bondye de menm jijman an, epi menm opinyon ke Li te toujou ye a? Ki

bon bagay li ta ye pou yon Bondye ki ta ka manyen men yon fanm ak yon lafyèy anraje, epi lafyèy la kanpe, si L pa menm Bondye a jodi a? Ki bon bagay li ta ye pou sèvi yon Bondye ki ta ka rele zanmi L sot nan yon kavo, aprè li te fin mouri pandan kat jou, si L pa menm Bondye a jodi a?

⁵⁴ Pa lafwa nou kwè ke yon jou glorye Li va rele nou sot nan tè a, menm si nou se yon kiyè sann dife ankò. Ki jan nou pwouve l? Nou pa pwouve l. Nou kwè l. Yo pa mande nou pou pwouve anyen. Yo mande nou pou kwè li.

⁵⁵ Pa lafwa Moyiz te fè *tèl e tèl bagay*. E tankou Moyiz, antan yon jenn gason, te gade esklav yo, atravè fenèt palè a, li te wè menm pakèt esklav plen kras, sal, plen ak labou ke Farawon te wè yo.

⁵⁶ E lè Farawon te gade yo, epi Ejipsyen yo, yo pa t anyen ke yon pakèt esklav. Se tout sa yo te itil; jis pou yo imen k ap benyen nan labou, pou fè brik ak labou k ap bon pou vil Farawon t ap bati yo. Se fason sa Ejipsyen yo ak Farawon te gade esklav yo.

⁵⁷ Men Moyiz, lè li t ap gade yo, se te yon gade diferan Moyiz te genyen. Lè l te wè, y ap pase bò fenèt la, gwo twou nan figi yo, dlo k ap kouri sou machwè yo, epi kò yo plwaye, li te gade yo tankou pèp Bondye. Li pa t gade yo tankou esklav. Li te gade yo tankou pèp chwazi Bondye.

⁵⁸ Epi, o, pandan m ap deplase, sot nan yon peyi al nan yon lòt peyi, e de yon nasyon al nan yon lòt nasyon, ap preche! Depi m te kite pòt ti tabènak sa, sa se yon enstityon entèdenominasyonèl, avèk okenn lwa ke lanmou, okenn liv ke Bib la, epi okenn kredo ke Kris, m te eseye veye sou pitit Bondye yo, ak sou rejte yo, tankou yo se pèp chwazi ak eli Bondye. Mwen pa mande yo si yo fè pati de Branham Tabènak. Mwen pa mande yo si yo se Metodis, oswa si yo se Presbiteryen, oswa si yo se Pannkotis, oswa Nazareyen, oswa Pèlren Sentete. Mwen jis vle gade yo tankou pèp Bondye. Epi antan m wè sa y ap fè ak aksyon yo, ke yo se sèvitè Seyè Bondye. E dezi kè m se pou fratènize avèk yo, li pa enpòtan ki mak yo genyen. Mwen jis anvi fratènize avèk yo. Mwen renmen yo paske m konnen yo se pèp Bondye.

⁵⁹ Lè m wè yon fanm ap desann lari a, ak yon jip long, epi cheve l byen penyen sou do l, e—e yon rad ki parèt desan sou li; epi mwen wè yon lòt jenn dam, petèt menm laj la, ak yon ti bout pantalon sou li; li ka, nan sanble, de fwa pi bèl pase madanm ki gen cheve long lan, selon jan lemond wè l, men m ap pran pozisyon sou bò fi sa ki abiye tankou yon Kreyèn lan. Menm si yo ta griyen dan sou li, epi rele l yon fanatik, sepandan, m ap pran pozisyon m. Li ta mèt pa bèl menm jan ak lòt fi a, nan trè figi, men li wè yon bagay. Pa lafwa li wè Sila Ki envizib, K ap gide lavi l.

⁶⁰ Lè m wè mesye a nan djòb la, yo rele “dyak,” oswa “predikatè,” oswa “yon fanatik,” paske yo refize fimen, epi bwè byè, epi al nan dans yo, tankou rès ladan yo, e yo rele l “yon

fanatik,” kè m soti al jwenn li. Li se frè m, anba nan tè Lejip sa, li fè kè nou anvi ba l akolad epi di, “Frè, nou se pèlren ak etranje, nan peyi sa, e m anvi fratènize avè w.”

Moyiz te gen pou fè yon chwa, chwazi pa lafwa.

61 Konbyen jenn gason t ap sote sou opòtinite a pou vin pitit gason pitit fi Farawon an! Konbyen jenn gason t ap sote sou opòtinite ke Moyiz te genyen an, pou jwi tout plezi ak cham ki gen nan lemonn, pou vin wa peyi Lejip, pou gen lemonn antye nan pye l! “Ala yon bagay moun fou,” ke jenn gason nan tan pa l la dwe te panse, “lè Moyiz te chwazi pou l pran plas li ak pèp Bondye ki aflije e k ap souffri.”

62 Poukisa li te fè l? Pa lafwa, lè li te leve je l, li te gade pi lwen pase cham monn sa. Li te gade pi lwen pase plezi peche. È Bib la di ke li te andire pandan l ap gade Sila Ki te envizib la, pa lafwa, e li te fè yon chwa pou sèvi Bondye sa kèlkeswa sa k te pase.

63 Li pa chanje. Anpil nan nou te ka al nan sa nou ta rele yon pi bon bilding. Nou te ka jwi, petèt, fratènite ak plezi pou chita nan yon pi bèl ban. Nou ta ka pi popilè, pou bwè ak fimen, epi abiye epi aji tankou lemonn. Men sa k pase? Nou leve je nou, e pa lafwa nou wè Sila Ki envizib la, e nou pran pozisyon nou ak rejte yo e swadizan sa yo rele egzalte nan jou jodi a. Paske pa lafwa nou wè Sila Ki envizib la, nou chwazi pou souffri pèsekisyon ak aflikasyon yo.

64 Mwen pa t ap di moun ke yo ta dwe chwazi pou yo aflije. Mwen pa di nou ta dwe chwazi souffri. Se pa t ap yon bagay imen pou fè. Men si soufrans lonje nan chimen devwa a, alò ann pran l jan l vini an. Mwen pa vle w fè yon bagay pou yon moun pase w nan rizib. Mwen pa ta vle nou di bagay diferan, ke, “M se yon . . . Mwen fè pati yon legliz ki pa kwè nan *tèl e tèl bagay*, nan lemonn,” ak bagay konsa, jis pou fè moun ri w. W ap rale sa sou tèt ou. M pa t ap di w pou soti la epi konpòte w yon fason epi fè yon bagay ki radikal. M pa ta vle w fè sa, pou yon moun ta di ou se yon fanatik. Ou rale sa sou ou. Men si l lonje l sou chimen devwa w anvè Bondye, kite lemonn di sa yo vle di. Kontinye viv.

Ou fè yon chwa. Chak gason ak fanm dwe fè sa.

65 E si Farawon an te ka wè sa Moyiz te wè? Li te wè soufrans pèp la. Li te konnen ki pri ki pou te peye. Men pa lafwa li te chwazi l, pase pou l te gen plezi peche.

66 Gen petèt ti, jenn fi ki chita isi a la, tankou jenn fanm plen cham. Lemonn ta renmen di nou: “Fè sa ak sa. Ou bèl. Fòm kò w tèlman bèl. Ou ta dwe montre l.”

67 Men, sè mwen, leve je w epi gade pi lwen pase sa, a Sila ki te di: “Se yon abominasyon pou yon fanm mete yon rad ki fèt pou yon gason.”

68 Si mesye yo nan moun kominote w la, si fanm yo ke ou asosye avèk yo, di: “Koupe cheve long sa yo. Li t ap pi koul. Li t ap

sesi, sela, oswa se lòt bò. Oswa, “Li t ap fè w pi byen.” Piga w koute sa!

⁶⁹ Leve je w, epi pa lafwa gade Sila ki te di: “Cheve fanm lan se glwa li, e li pa dwe koupe l.”

⁷⁰ Si yo di: “Li t ap popilè. Ou pral pi byen kanpe nan travay ou, oswa ak bòs ou, si w ta pran yon bweson an sosyete. Si w ta fimen sigarèt tankou rès fanm yo, ou t ap kanpe tankou yon moun pi sosyab nan vwazinaj ou.”

⁷¹ Pa lafwa leve je w epi gade Sila Ki te di: “Souye kò sa, e Mwen va detwi l.” Pa lafwa nou kwè bagay sa yo. Se pa anyen nou te wè. Se yon bagay ou kwè. Pa lafwa, Moyiz te kwè.

⁷² E nan mach lafwa sa, gen yon tan ki vini gen yon chwa ki dwe fèt.

⁷³ Lòt te fè erè tris sa ke nou fè a. Anpil fwa nou chwazi pou pwòp byen nou. Nou chwazi bagay ki ta miyò.

⁷⁴ Pafwa si gen ti kont ki vin nan legliz la, epi yon moun ta di: “Ebyen, dyak la oswa pastè a sou bò sa.” Pa gade sou sa. Gade sa ki dwat. Mete bagay sa deyò epi mennen tou de ansanm. Sa se diven.

⁷⁵ Gen yon chwa. E nou chwazi pou tèt nou. Nou chwazi yon bagay ki pou pwòp byen nou.

⁷⁶ Men Moyiz chwazi afliksyon ak lawont, pou l ka mache ak pèp Bondye a. Panse a sa kounye a. Koute li. “Li te chwazi afliksyon pèp Bondye a, epi li te konsidere l tankou yon pi gwo trezò, pou li te andire, kòm li t ap gade a Sila Ki te envizib la.”

Bon, Lòt, yon fwa, te dwe fè yon chwa.

⁷⁷ E petèt, maten an, ke pral gen gason ak fanm ki chita isi a la, ki pral fè chwa final nou. Ou sa w ye jodi a, paske sa fè plizyè lane ou te chwazi pou vin sa w ye kounye a. E sa w chwazi kounye a pral detèmine sa w pral ye nan senk an. Nan senk an apati jodi a ou ka yon misyonè. Nan senk an apati jodi a ou ka yon Kreyen ki renome.

⁷⁸ Oswa, nan senk an apati jodi a ou ka nan lanfè, paske w te pran move desizyon a. Nan senk an apati jodi a ou ka ap netwaye kote moun krache nan yon ba. Nan senk an apati jodi a ou ka yon pwostitye nan lari a.

⁷⁹ Oswa, ou ka yon nonm ou yon fanm ki fè—ki fè lonè nenpòt sosyete, poutèt chwa w pou Kris. Nan senk an apati jodi a ou ka nan Lagwa, pati nan Lanlèyman, paske w te fè chwa w jodi a.

⁸⁰ Men ou ta dwe chwazi. Epi pa gade sa w wè. Chwazi sa w wè pa lafwa. Sa se sèl bagay ki pral konte, se sa w chwazi pa lafwa.

⁸¹ Lòt, pandan l te gen pou fè yon chwa. Abraham te bay Lòt chwa pa l.

⁸² E Bondye ba w chwa pa w. “Chwazi pou tèt ou jodi a kilès ou va sèvi.” Nan jaden Edenn lan te gen yon pyebwa konesans,

e yon Pyebwa Lavi. Yo te bay lòm privilèj pou chwazi youn li te dezire a. E se konsa l ye jodi a. Yo ba w privilèj ou, sou baz libète w, pou w chwazi kèlkeswa sa w vle chwazi.

⁸³ Konsèy mwen pou ou, se, pa gade bagay modèn nan lantouraj ou, ak popilarite epi cham ke w ta ka ye. Men chwazi, pito, pa lafwa, Sila ki fè pwomès ke yon jou Li pral vini e pral korije tout move bagay, epi ba ou Lavi Etènèl, epi resisite w. Pa gen pwoblèm si w pran chemen meprize a ak ti kantite pa Seyè a, fè chwa sa. Si gen pwoblèm nan men an, si gen pwoblèm nan peyi a, si gen pwoblèm nan legliz la, si gen pwoblèm nan kay la, kèlkeswa kote l ye, fè chwa w: “Pa lafwa, m ap sèvi Bondye. M ap imilye kè m nan Prezans Li. M ap pran chimen an ak pitit Bondye yo. Mwen wè yo imilye yo epi yo rejte yo, epi yo mete yo deyò epi yo pase yo nan rizib, men m ap toujou rete nan pòs devwa mwen. M ap rete menm kote a. E lè yo rele, m ap rele avèk yo. E lè gen lapenn, m va nan lapenn avèk yo. Jan yo viv, m ap viv.”

⁸⁴ Jan Naomi te di. . . Oswa, Rit te di Naomi: “Fason pa w va fason pa m. Fason pa m va fason pa w. Kote w viv, m ap viv. Kote w ale, m pralè. Bondye w sèvi a va Bondye pa m.” Pran chwa sa, menm si l rache po sou konsyans ou, ke w panse w ou se yon moun. Depouye tèt ou epi pran chimen an ak ti kantite meprize pa Bondye yo, epi rete lwayal sou chan sèvis la epi nan pòs devwa a.

⁸⁵ Lòt te gade ozalantou. Li di: “Mwen gen yon chwa.” E li te gade nan direksyon Sodòm. Li te wè bon jaden plen zèb yo te miyò pase sa Abraham te wè, e kote Abraham te ye a. Li te wè opòtinite pou nouri twoupo li yo, pou gen twoupo pi gra epi miyò.

⁸⁶ Mwen espere ke m pa fè pèsòn santi l mal. Men se sou sa twòp predikatè te kanpe, pou fè konpwomi ak Levanjil la, an pansan ke yo rale plis lajan ladan l. [Frè Branham bat men l twa fwa—Edite a] Yon tikè pou manje! Mwen ta pito viv nan yon peyi dezè, manje, bwè sou yon branch pyebwa, epi manje biswit soda, pase pou m fè konpwomi sou konviksyon lafwa m nan Pawòl Bondye vivan an. M ap fè chimen pa m.

⁸⁷ Kèk ladan yo di: “Billy, sa k pase ak reyinyon w lan, tankou gen twòp Pannkotis ladan l.” Yon gwo minis denominasyonèl te di sa.

Mwen di: “Èske denominasyon w lan ap parene reyinyon m lan?”

⁸⁸ Pa twò lontan, nan magazin *Look* la, mwen kwè, te gen yon atik. E ekriven an te di la, li te pale sou moun Pannkotis yo. Li te di: “Legliz Pannkotis la se legliz ki grandi pi vit nan lemonn jodi a.” Poukisa? Se paske gason ak fanm te leve je yo epi gade byen lwen.

⁸⁹ Epi ekriven a te konplimante moun Pannkotis yo tou. O, byen si, li te di: “Te gen kèk nan yo ki te vin radikal, e latriye. Men,

Metodis yo adore yon kredo. Yo adore Bondye pa yon kredo. Batis la fè menm jan, epi Presbiteryen yo. Men Pannkotis la adore pa Bib li.”

⁹⁰ Pa lafwa nou wè pwomès la. M ap pran lo pa m avèk yo, kèlkeswa konbyen yo meprize yo, mwen toujou youn ladan yo. Menm si yo pase yo nan rizib, epi yo gen bon ak move moman yo, tankou Izrayèl te genyen, mwen pap janm vle kanpe ak fo pwofèt sou ti mòn lan, yon Balaam, e ki t ap eseye modi sa Bondye te beni. Paske, nan kan sa gen yon Wòche ki frape, ak yon Sakrifis plen san, ak yon Kolòn Dife. Kèlkeswa nan sa yo ye a, l ap mennen yo nan laviktwa, e yo te dwe vin ladan l, paske yo se pèp pwomès la k ap mache pa lafwa. Menm si yo pa yon denominasyon, yo t ap drive sa e la, e se konsa pèp Bondye a ye. Men m vle pran wout mwen avèk yo, rantre avèk yo nan ran pa yo; pa nan denominasyon yo, men nan fratènite yo toutotou atik Lespri Etènèl Bondye yo, ke, pa lafwa mwen te resevwa batèm Sentespri a. Bondye ede m pou m toujou gen atitid sa.

⁹¹ Remake. Pandan yo te deplase, nou jwenn ke Lòt te wè opòtinite pou yon—yon twoupo gra. Anpil wè opòtinite pou yon pòtfevè gra. Anpil wè opòtinite pou yon pi bon pozisyon sosyal. Li te wè posibilite pou kèk dola an plis. Li te wè posibilite pou vin majistra nan vil la. Kòm etranje, epi yon nonm trè entelijan, jan l te ye a: “Petèt m pral vin chèf vil la.” Li te wè posibilite yo paske yo te lonje devan l. Men li pa t wè dife ki te gen pou detwi peyi a. Li pa t konvenk tèt li, ke peyi a te plen peche, e Bondye te dwe detwi li.

⁹² E, jodi a, moun yo eseye konvenk tèt yo lè yo di: “Èske w se . . . ?”

Mwen va di: “Èske w se yon Kreyen?”

⁹³ Yo di: “Mwen se yon Ameriken.” Sa pa gen anyen an plis pou wè avè l pase eseye di yon kòbo li te yon krapo. Sa pa gen anyen pou wè avè l. [Frè Branham bat men l yon fwa—Editè a]

⁹⁴ Li pral detwi, paske Bondye jis. E si Etazini rive echape ak peche l yo, Bondye ki sen, jis epi souveran an pral oblije resisite Sodòm ak Gomò epi mande yo padon poutèt Li te boule yo, poutèt peche yo; si Li kite nou rive echape ak sa.

⁹⁵ Si L kite nou ale nan Syèl sou zèv enjistis nou yo, Li pral gen pou leve Ananyas ak Safira epi ba yo yon lòt opòtinite. Li t ap fè l sètènman. Men Li jis. Ananyas te wè lajan l. Pyè te wè Kris.

⁹⁶ O la la! Lòt pa t wè destriksyon pitit li yo nan plas sa.

⁹⁷ Anpil nan nou, jodi a, k ap rete nan lantouraj ansyen kredo fòmèl sa yo epi bagay sa yo, nou pa wè delenkans jenn yo ak destriksyon pitit nou yo. Nou pa wè pitit fi nou an nan yon kay pou pwostitye. Nou pa wè pitit gason nou an ki yon tafyatè, oswa sou yon tab ap jwe kat kèk kote.

98 “Paske li byen wouze.” Epi yo pa touche peche. Li pa t wè madanm li, tèt tout sosyete yo, ki te tounen yon kolòn sèl, lè l t ap gade. Li pa t wè tèt li k ap echape sèlman apèn, pou l ale nan yon ti vil kèk kote, pou sove lavi l. Li pa t wè sa, paske li t ap sèlman gade sa l te wè devan l.

99 Men, Abraham, li pa t remake peyi a te byen wouze, paske li te leve je l anlè epi l te wè nan landmen, paske li t ap erite tout bagay. Kreyen reyèl la jodi a leve je l anlè epi li wè pwomès Kris la: “Benediksyon pou moun ki dou paske yo va erite tout bagay. Yo va erite latè a.” Kreyen reyèl la, pa lafwa, gade anlè epi li wè sa. Rele l jan w vle. Li leve je l yo anlè. E lè l te fè sa, Bondye te di: “Abraham, mache nan peyi a, tout pou ou.” Pa lafwa, Abraham te fè sa; menm lafwa ke Moyiz te genyen an.

100 Yon konmantatè te ekri l, ki te di sa. Mwen panse ke se te pi bèl pawòl. Ke Abra- . . . “Moyiz te pran pati ki miyò nan monn lan epi li mete l nan yon lechèl; epi pati ki pi mal nan relijyon an, epi li mete l nan yon lòt lechèl; epi pati ki pi mal nan relijyon an te depase pati ki pi bon nan monn lan.”

101 Se konsa l ye jodi a, ke si yo rele nou nenpòt bagay nou vle yo rele nou, “fanatik”, oswa “gerisè Diven”, oswa “egzalte”, oswa kèlkeswa jan yo vle rele. Pati ki pi mal nan nou pral depase pati ki pi bon lemonn ka posede. Pa vle yo rele w “ansyen tan, vye radotè, fanatik.” L ap depase pi bon bagay dyab la ta gen pou ofri w. Sa ap fèt se trè sèten.

102 Moyiz te gen estim pou opwòb Kris la. Li te wè Kris davans. Pi devan li te di kèk pawòl pisan enspiran sou Li. “Ou wè, Seyè Bondye w la va sisite yon pwofèt tankou m.” Li te konnen. Li te wè L davans, epi l te estime repwòch Li tankou yon pi gwo richès pase tout cham lemonn.

103 Zanmi Kreyen, jodi a, eske n ka fè sa? Epi tout cham ak popilarite lemonn, pa lafwa, nou wè Sila ki te pwomèt. E sa k pi mal nan legliz la jodi a, nan tout kondisyon l yo, menm la Li pral depase tout bagay dyab la ka ofri nou. Si yo rache nou, si yo kraze nou an myèt moso, si nou gen konfizyon epi nou kraze, nan denominasyon ak bagay fanatik, li pral depase nenpòt sa dyab la ka ofri nou. Sètènman.

104 Li te estime opwòb Kris la tankou pi gwo richès pase tout trezò peyi Lejip. Apre sa li te dwe fè yon bagay. Li te abandone Lejip. O, mwen renmen pawòl sa. Li te abandone Lejip. Ou wè, li t ap gade atravè menm fenèt la, men li t ap gade yon fason diferan ke Farawon. E si Farawon te ka gade lafen li? E si Farawon ta wè nasyon l la k ap neye? Moyiz te wè l. Kijan? Pa lasyans? Pa lafwa, Moyiz te wè l. Tou sa l te fè se te pa lafwa, paske Bondye te pwomèt Abraham, papa li, ke Li t ap—Li t ap vizite nasyon sa apre kat san zan, epi t ap fè yo soti. E pa lafwa, Moyiz te kwè Pawòl ke Bondye te di a, epi l te konnen ke li menm, menm jan pa lafwa, se te lidè ki chwazi pou fè yo soti. Li te konnen kote l

te ye. Li te pran plas li nan twou limon yo, tankou yon travayè nan labou, epi li te konte opwòb Kris la tankou pi gwo richès pase chita sou twòn peyi Lejip. Li te pran. . . Li pa t janm di: “Mwen senpatize ak li.” Li te pran plas yo epi li t ale avèk yo! Glwa pou. . . Li te pran plas yo. Nou t ale avèk yo.

105 Pa sezi wè ekriven enspire a te di:

M pral pran chimen a ak kèk pa Seyè a ki meprize

M te kòmanse ladan l ak Jezi, kounye a m ap travèse.

M sou wout mwen pou peyi Kanaran. (Sèten.)

106 Moyiz. Gen youn ki te di ke Moyiz te pito, lè l te ka pitit gason Farawon epi gen tout cham lemonn, li te pito yon pitit gason Abraham pase pou l pitit gason Farawon. Yon pitit gason Abraham, meprize a, pase pou l pitit gason Farawon, wa a.

107 M ta pi pito pitit gason Seyè Jezi, epi sèvitè k ap swiv Li, epi pran plas mwen ak pèp ki rejte nan monn sa, pase pou m ta Prezidan gwo peyi Etazini Damerik sa, oswa pou m yon Elvis Presley, oswa yon Pat Boone, oswa nenpòt moun ou vle fè l la. M ap fè chimen pam.

108 Jenn dam yo ta dwe fè chimen pa yo. Olye pou yo ta yon—yon Mary Pickford, oswa kèk gwo aktris sinema, kèk fi plen ekla, fè chimen pa nou ak kèk pa Seyè yo ki meprize.

109 Mwen ta pito yon predikatè sou lachè, ap preche richès Kris yo pa ka kontwole, pase pou m yon aktè sinema Hollywood, oswa pi gwo moun sou latè a. Si m ta gen pou manje mèg, mandye, oswa kèlkeswa sa m ta gen pou m fè, m ap fè chimen pam ak pèp Seyè a. Pa lafwa, m fè sa. Yo te ofri m opòtinite. Men, gras Bondye, m toujou wè pa lafwa.

Pa lafwa m ka wè l byen lwen;

Epi Papa nou tann sou wout la,

Pou prepare pou nou yon kote pou rete La.

110 Yon mesye ki fè enpo te di, lòt jou a: “Pou ki sa w lage lakay ou pou legliz sa? Ki sa k fè w bay yon kay ki vo venn senk mil dola pou vye ti tabènak sa ki pòtre fatra a?”

111 Mwen di: “Se pa pou legliz la m te fè l. Se pou moun yo ki la.” M pa posede anyen nan byen monn sa. Chak pyès monnen m te janm pran tounen bay legliz sa. Pou ki sa? Lafwa m sou Bondye, e pa sou bagay monn sa. Afeksyon m yo pi wo. Epi m kwè nou tout menm jan, si nou an règ ak Bondye. Se vre, se sa n ye. Nou, pa lafwa, resevwa. Nou, pa lafwa, kwè Bondye.

112 Moyiz, li te dwe fè yon chwa. E alò li te dwe, apre li fè yon chwa, li te dwe konbat pou lafwa a, lè sa, paske li pa t pè kolè wa a. Kounye a, kòm imen, li te gen dwa pou l pè kolè a. Li te gen dwa pou l pè kolè wa a, men li pa t pè l. Li pa t pè l, paske l te gen

yon travay pou fè, epi l te nan liy devwa a. E li pa t okipe sa wa a te di sou sa. Li pran wout Li jis menm jan an.

113 Kounye a, Farawon, byen si, lè l te wè l pèdi, li te vle bay Moyiz ak timoun yo. . . Li te di: “Oke, m pral di nou sa m pral fè. Nou pral jis rete nan peyi a epi soti epi fè sakrifis pou Bondye nou an.”

114 Se fason sa dyab la travay. “O, ou ka relijye. Pou ki w pa al lòt bò a epi rantre nan kèk legliz? Ou pa gen pou fè tout bagay sa yo.” Yon mesye di madanm li. . .

115 Madanm lan di: “Mari, mwen sove. Pa gen woze zong ankò, oswa woze bouch ak bagay sa yo. Pa gen sa ankò. Pa gen fèt ankò. Pa gen bagay lasosyete sa yo ankò. Mwen soti ladann! M pral mete tan m nan li Pawòl la, okipe kay la.”

116 “Kounye a, gade, machè. Ou, ou ka vin relijye, oke. Kounye a, gade, ou—ou al lòt bò a *la*. Ou gen move legliz la.”

117 Non, ou pa genyen l. Ou nan bon an. Si w gen yon predikatè ki pral preche w sa, ou ta dwe rete avèk li. Retounen chache nan Lèzekriti epi jwenn si sa se vre.

118 “O,” li di: “al lòt bò a *la*. Yo pa—yo pa gen pou fè sa lòt bò la. Ou wè? Yo pa fè sa lòt bò la.” Se fason sa. . . “Jis ale lwen konsa.” Men li pa vle w soti nan peyi a. Se fason sa dyab la fè. Li pa vle w soti nan bagay lemond yo; jis mennen lemond anndan legliz la.

119 Lòt jou a, antan m t ap desann sou wout la, m te limen radyo m lan. Epi te gen yon—yon chante, e m te rete ap tandè, epi m te dwe koute, preske, tout chante a nèt, anvan m te ka di si l te absoliman yon chante relijye, oswa dyab la ap eseye desann bagay Bondye nan nivo lemond. Ou pa ka fè sa! Ke Bondye gen pitye!

120 M pa bezwen konnen konbyen albòm Elvis Presley ekri, de tout bon chante relijye yo. Li posede ak dyab la kan menm. Li voye plis timoun nan lanfè, ak tout mouvman m konnen yo, nan tout mond lan nan jou sa. Pat Boone ak rès ladan yo, li fè pati legliz Kris la; epi Elvis Presley, yon Pannkotis; Yo se Jida Iscariot, nan fòm mesye sa yo. Dyab la ap eseye mennen bagay Bondye ki anwo yo, pou yo ka melanje yo *isi* a la. Moun yo pa pral gade pi wo pase sa. Yo jis gade *isi* a la epi yo di: “Ebyen, tout se menm.” Li pa menm. Soti nan peyi a.

121 Li di: “Ou ka jis ale pou kèk jou. Epi w ale, rete nan peyi a.” Asireman, li te konnen yo t ap tounen. Apre sa yo te dekouvri sa pa t ap mache, kifè li te panse a yon bagay diferan. Li te di: “M pral di nou sa n ap fè. Nou soti al nenpòt ki bò n vle ale, men kite tout madanm nou, tout pitit nou, epi tout bèt nou yo, dèyè a *la*. Nou kite yo la, epi nou soti.” Paske, li te konnen yo te gen posesyon dèyè a la, ki t ap atire yo tounen.

122 E se sa dyab la di nou. Jis osi lontan nou kite kèk bagay lemonn kwoke sou nou, nou toujou vle fimen, nou vle bwè, nou vle abiye tankou lemonn, sa bon menm jan dyab la vle l.

123 Mwen tèlman tandè sou zafè retwograde. M pa kwè gen si tèlman retwograde ke jan moun yo panse genyen an. Yo jis kite twòp posesyon nan peyi Lejip pou atire yo tounen, se tou. Retwograde pa sa yo di l ye a. Nou kite twòp bagay lemonn deyè la, ki atire nou.

124 Frè, mwen di w, lè Izrayèl te pare, a minwi, yo te ranmase tout bagay yo te genyen nan monn sa, yo te ranmase epi yo te pare pou pati.

125 Ke Bondye voye yon revèy konsa pou nou. Nou ranmase tout bagay, epi pare pou pati. Kri minwi an ap vini: “Soti al rankontre Li.” Nou gen enterè ranmase tout bagay nou. Nou gen enterè pa gen anyen, nan monn sa, k ap atire nou tounen, okenn kòd pou kenbe nou anba. Mare pakèt nou. An n pare. Nou prale.

126 E nou konnen? Mwen di nou, yo te tèlman fidèl ak Bondye, jouk Farawon vin tèlman eksite a minwi, li te di: “Deyò! Deyò, epi al fè wout nou. Pran tou sa n genyen, epi ale!”

127 Mwen tèlman kontan ke yon moun ka viv tèlman pwòch ak Bondye, jouk dyab la pa konn sa pou fè avè l. Se vre. Deyò! Ale! Obeyi Bondye!

128 Pa lafwa, li te wè pwomès la. Travayè nan labou, oswa pa travayè nan labou, li te pran wout li ak kèk Seyè a ki meprize yo. Farawon te di: “Pran tout sa nou genyen epi soti la! M pa konn sa pou m fè avèk nou.” Li te tèlman fidèl ak Bondye, pa lafwa.

129 Lafwa pral fè zèw mirak, si nou rete fidèl ak Bondye. Pa lafwa, nou wè Li.

Lè nou rive, tan an depase.

130 Men, pa lafwa, maten an, leve je nou. Pa gade sa k nan lantouraj nou, monn modèn sa, men gade epi wè Sila Ki bay pwomès la. Bib la di: “Nou pa wè tout bagay pafè kounye a, men nou wè Jezi.” Nou gade Li, maten an, epi fason nou pral chanje.

131 Pandan nou koube tèt nou, jis on moman, pou yon mo lapriyè. Ke Seyè a ajoute benediksyon Li a Mesaj la.

132 Panse nan kè nou kounye a. Eske nou t ap gade sou bagay lemonn yo? Pa lafwa, èske nou wè Jezi? Èske n ap gade a popilarite nou, legliz nou? Kisa pozisyon sosyal nou ye ak lemonn? Oswa, èske n wè Jezi Ki, nan pitye, te mete Tèt Li nan men dwat Majeste ki Anlè a, Ki te soufri tankou yon mati, jis la pou injis yo? Nou pa ka leve je nou epi wè Pyebwa Lavi a lòt bò a? Alò, kite pyebwa lasyans ak konesans sa, epi sèvi Li.

133 Eske n t a renmen yo sonje nou nan lapriyè anvan mwen priye? Leve men nou, pou nenpòt rekèt nou ta ka bezwen. Bondye beni nou. Li wè tout men nou.

134 Si nou se yon pechè, leve je nou epi gade kounye a. Si nou te indiferan, si n te gen ti kont ak ti bagay, ki diferans sa fè? Nou pral mouri youn nan jou sa yo. Ki jou? Petèt jodi a! Nou pa konnen. Inèdtan de kounye a, nou ka nan lanfè, oswa nou ka nan Syèl. Men nou ta dwe chwazi kounye a. Si gen nenpòt bagay nan lavi nou ki pa korèk, nou chwazi kounye a, pa lafwa.

135 Ou di: “Bon, si m ka jis vanje m sou li! Si m ka jis vanje m sou li!” Kèlkeswa sa yo te fè, chwazi Lavi. Chwazi Lavi.

136 Paske, Jezi te di: “Si nan kè w ou pa padone tout moun transgresyon yo, ni tou Papa w ki nan Syèl la pa p padone w.” Kifè jis pwoche pre kon sa. Si gen yon grenn bagay nan kè w kont nenpòt moun, pechè oswa yon sen, nou an danje pou dife lanfè.

137 Kounye a leve je nou. Kisa nou wè, lènmi nou? Oswa, eske nou wè Sovè nou? Kisa n ap gade maten an?

138 Si w malad, epi doktè w di ke w pa ka refè, leve je w, sou kwa a, kote L te blese pou transgresyon nou, ak maleng Li yo nou te geri. Pa gade sou sa doktè a di; l ap travay nan lasyans. Lafwa travay nan domèn Lespri ak Bondye. An nou panse a bagay sa yo kounye a pandan nou leve men nou. Bondye wè yo.

An n lapriyè.

139 O Bondye Etènèl, nan silans adorasyon sa kounye a, apre Mesaj la te soti, pa kite semans Pawòl Ou sa yo, Seyè, tonbe nan tè wòch. Pa kite Mesaj la, Seyè, tonbe nan raje, pikan, ke sousi lavi sa (tankou Lòt) ta ka toufe fè l soti, a lafen, pou vin yon moun yo met deyò. Men, O Bondye beni, kite l tonbe sou bon tè, fètil, sou kè penitan. E sou pa m, tou, Seyè, ke nou tout ta ka wè atravè linèt gade Bondye yo, epi wè Legliz Seyè Jezi a ki rejte, pèp rejte a, fason ki rejte a, epi ke nou mache nan chemen glorye sa.

140 Tankou Moyiz, li pa t konnen kote l ta prale. Moun yo pa t konnen kote yo ta prale. Yo pa t konn ki chimen pou yo pran. Yo te jis kòmanse.

141 Epi, O Seyè Bondye, tankou bèl chante sa k ap jwe a, pa lafwa nou ka wè Peyi sa olwen. Kite se sa l ye jis kounye a, ke gason ak fanm anndan an la pa panse a sa lemonn pral di, oswa kòman yo prale. Ke yo jis leve nan lespri yo, epi ale.

142 Moyiz te swiv Limyè a, epi Li te kondwi li nan peyi pwomès la. Li pa t konnen kote l ta prale, men li te jis mache nan Limyè a, pou peyi sa ki te pi bèl pase jou.

143 Akòde, Seyè, jodi a, ke anpil la pral mache nan Limyè Lekriti a epi nan fratènite Sentespri a, epi ak Legliz la; Legliz la, Premye ki fèt la, ti bebe ki fèk fèt yo ki te resevwa Kris la, epi te ranpli ak Sentespri a, kondwi pa Sentespri a. Ke nou mache nan fratènite sa, ansanm, otou atik Bondye yo, ap sèvi Li nan batèm, nan obeyisans a lanmò, antèman, ak rezirèksyon Li. Ke nou sèvi Li nan konmandman Li: “Rete tann nan Jerizalèm jouk nou kouvri ak Pwisans ki sot Anwo a.” Ke nou sèvi L nan gerizon Diven,

lapriyè pou malad. Ke nou sèvi L nan kominyon, brize pen, nan senplisite kè nou, fratènite otou Pawòl Bondye a. Ke nou sèvi Li nan tout atik Diven L yo, jouk nou wè Peyi a devan je nou. Akòde l, Seyè. Koute priyè nou, pandan nou remèt tout nan men W kounye a, nan Non Seyè Jezi.

¹⁴⁴ Kounye a ak tèt nou bese, an silans, dousman, an n jis chante chante sa. Kounye a sa se adorasyon. Mesaj la fini. Pèsonn pa kite. Jis rete an silans. An n adore.

¹⁴⁵ Mesaj la se li ki korije. Panse kounye a sou sa nou te fè, sa nou ta dwe fè, sa k fè nou jan nou ye jodi a. Kisa ki fè nou kondane, jodi a, se paske nou te fè yon bagay yè. Kisa l pral ye demen? Ranje l jodi a, epi nou pral lib demen. Ou wè? Nou dwe fè yon chwa. Kòman nou ka fè l? “Pa lafwa, m lage tout bagay kounye a. Mwen lage kounye a, e yon jou m pral lòt bò a La.”

Nan dousè a pazapa,
Nou pral rankontre nan bè- . . .

Jis adore Seyè a nan lespri w kounye a.

Nan dousè a pazapa,
Nou pral rankontre Legliz meprize sa. (Ki prale nan di, men nou pral kontre yon jou.)

A Papa byenfetè nou ki anlè a,
Nou pral ofri omaj lwanj nou,
Pou kado glorye lanmou Li,
Epi benediksyon ki sanktifye pa nou . . .

Ak kèk pa Seyè a ki meprize, pa lafwa, mwen chwazi.

Nan dousè a (nan dousè a) pa . . . (pazapa)
Nou pral rankontre nan bèl rivaj sa; (pazapa)
Nan dousè a (nan dousè a) pazapa,
Nou pral rankontre nan bèl rivaj sa.

Gen yon Peyi ki se . . .

Jis adore Li. Sa se adorasyon an.

. . . lafwa m ka wè,

Pa lafwa m fè chwa m.

O, Papa a tann . . .

¹⁴⁶ Mwen wè tout pa Seyè a lòt bò a La; Frè George, Frè Seward, tout sen yo.

. . . nou yon plas pou rete La. (Wi, Seyè!)
Dousè a . . .

¹⁴⁷ Papa li, Howard, Edward, tout ansyen zanmi sen yo ki te pran Chimen an, pou tounen, sa fè lontan.

Nan dousè a (Wi, Seyè!) pazapa (pazapa),
Nou va rankontre nan bèl rivaj la.

Nou va chante sou bè- . . . (O Bondye!)
Chan melodi benediksyon an, (Glwa a Dye!)
. . . pa p gen lapenn ankò,
Pa yon soupi pou benediksyon nan Kote repo
sa.

Nan dousè a, dousè paza . . . (pazapa)
Nou pral rankontre nan bè- . . .



PA LAFWA, MOYIZ CRE58-0720M

(By Faith, Moses)

Mesaj sa-a ke Frè William Marrion Branham te preche premye fwa nan lang angle on dimanch maten 20 jiyè 1958, nan Branham Tabernacle ki Jeffersonville, Indiana, U.S.A., yo te prann a pati de yon anrejistreman kasèt mayetik ke yo te enprime konplètman an angle. Tradiksyon kreyol sa-a te enprime e distribye tou pa Voice of God Recordings.

HAITIAN CREOLE

©2019 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org